

## BAB I BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupan sapopoé, salaku jalma nu aya di lingkungan masarakat tangtuna waé moal leupas tina komunikasi jeung masarakat séjénna. Alat komunikasi nu dipaké téh nyaéta basa. Basa mangrupa lambang sora anu arbitré nu sok dipaké ku manusa anu tujuanana pikeun komunikasi (Sudaryat, 2009). Nalika lumangsungna komunikasi, manusa bisa nepikeun informasi ngeunaan pikiran, gagasan, maksud, atawa émosi sacara langsung (Masdul, 2018). Komunikasi tangtuna dipaké boh sacara lisan boh tulisan dina sagala rupa kagiatan, salah sahijina dina kagiatan pangajaran.

Dina lumangsungna kagiatan pangajaran di sakola, aya opat kaparigelan nu kudu dikawasa ku siswa salah sahijina nyaéta kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan nu kawilang penting pisan pikeun siswa nu keur nyuprih elmu di sakola sangkan bisa nulis maké basa nu luyu jeung kaédah kabasaan. Nalika nulis tangtuna siswa merlukeun komunikasi pikeun nepikeun informasi ngeunaan pikiran, gagasan, maksud, jeung tujuan kana naon nu rek diébréhkeun dina tulisanana. Salah sahijina nalika nulis téks laporan kagiatan . Téks laporan kagiatan eusina ngeunaan ringkesan hiji kagiatan nu geus kungsi dilaksanakeun. Ieu téks mangrupa bukti hiji kagiatan nu dijéntrékeun kana wangun tulisan. Ku kituna, nulis laporan kagiatan kudu sistematis jeung logis sarta maké basa nu luyu jeung merenah dumasar kana tata basa Sunda.

Nanging nilik kana kaayaan ayeuna di sakola, masih kénéh réa siswa nu kurang paham nalika nulis éjahan maké basa Sunda hususna dina pancén nulis téks laporan kagiatan. Pangna aya siswa nu teu paham nalika nuliskeun abjad, vokal, jeung nuliskeun kecap nu merenah, antukna bisa ngabalukarkeun kasalahan pamahaman nalika nulis hususna dina basa Sunda. Éta kasalahan bisa disebut kasalahan grafologis nu aya patalina jeung wangun tulisan, ieu subsistem medar ngeunaan tata aksara anu ngulik aksara katut éjahan. Nurutkeun Sudaryat (2009, kc. 125), éjahan téh kawilang gedé pisan mangpaatna dina ngalambangkeun sora basa jadi

aksara. Hartina bisa dicindekeun yén kaparigelan nulis diperlukeun pisan sangkan siswa bisa nyinkahan kasalahan nalika nulis atawa bisa disebut ogé kasalahan makéna basa.

Kasalahan makéna basa (*berbahasa*) mangrupa salah sahiji kajadian nu sipatna inhérén nalika maké basa, boh sacara lisan boh tulisan. Salah sahiji hal nu mangaruhan kana prosés komunikasi nyaéta kurangna kaparigelan dina makéna basa. Wangun tina kaparigelan ieu téh bisa mangrupa kasalahan-kasalahan makéna basa, nu bakal mangaruhan kana prosés komunikasi (Supriani & Siregar, 2012).

Analisis kasalahan basa nyoko kana kagiatan ngaanalisis makéna basa pikeun nyungsi kasalahanana. Crystal (dina Pateda, 1989, kc. 32) nétélakeun yén analisis kasalahan makéna basa mangrupa hiji téhnik pikeun ngaidéntifikasi, ngaklasifikasikeun jeung ngainterprétasikeun sacara sistematis kasalahan-kasalahan nu dijieu ku siswa nalika diajar basa deungeun atawa basa kadua maké téori-téori jeung prosedur dumasar kana linguistik. Tina éta analisis bakal meunangkeun (1) déskripsi kasalahan, (2) tingkatan kasalahan, jeung (3) menerkeun kasalahan (Oktaviani, spk., 2019).

Kasalahan makéna basa bisa kapanggih dina widang grafologis, fonologis, morfologis, sintaksis jeung leksikal. Dina ieu panalungtikan, kasalahan grafologis nu dianalisis ngawengku sababaraha pasualan diantarana waé kasalahan makéna aksara, kasalahan nuliskeun kecap, kasalahan nuliskeun unsur serepan, jeung kasalahan makéna tanda baca. Ku kituna, baris aya panalungtikan ngeunaan analisis kasalahan grafologis dina téks laporan kagiatan siswa SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024.

Panalungtikan anu patali jeung analisis kasalahan grafologis kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana waé “Kesalahan Grafologis Huruf Hiragana pada Pembelajar Bahasa Jepang Prodi Pendidikan Bahasa Jepang Universitas Negeri Padang” (Rahmalina & Wikarya, 2020). Hasil tina ieu panalungtikan medar ngeunaan kasalahan dina widang grafologis nu eusina ngeunaan kasalahan nulis hurup *hiragana* ku *pembelajar* basa Jepang di Universitas Negri Padang.

Panalungtikan nu kadua medar ngeunaan “Analisis Kesalahan Penulisan Paragraf Bahasa Inggris oleh Mahasiswa Non Jurusan Bahasa Inggris” (Adawiyah, 2023). Hasil tina ieu panalungtikan mangrupa analisis kasalahan nulis paragraf, salah sahijina medar ngeunaan kasalahan grafologis nu ngawengku kasalahan nuliskeun abjad, kasalahan nulis aksara gedé, jeung kasalahan makéna tanda baca.

Panalungtikan nu katilu medar ngeunaan “Kamampuh Ngalarapkeun Éjahan Dina Nulis Wawaran Siswa Kelas VII SMP Negeri 45 Bandung Taun Ajaran 2015/2016” (Lidiasari, 2016). Hasil tina ieu panalungtikan eusina ngeunaan kamampuh ngalarapkeun éjahan sarta kasalahan éjahan nu ditulis ku siswa dina téks wawaran.

Panalungtikan nu kaopat medar ngeunaan “Kasalahan Éjahan dina Karangan Narasi Kaulinan Barudak Siswa Kelas VII SMPN 9 Bandung Taun Ajar 2022/2023” (Febrian, 2023) . Hasil tina ieu panalungtikan ngawengku kasalahan éjahan sarta faktor nu mangaruhanana. kasalahan nu kapanggih mangrupa kasalahan maké aksara, kasalahan nuliskeun kecap, kasalahan dina nuliskeun unsur serepan, jeung kasalahan makéna tanda baca. Upama faktor nu mangaruhanana aya 3 aspek nyaéta kapangaruhun basa séjén, kurang pamahaman kana basa nu dipakéna, jeung pangajaran basa nu kurang.

Panalungtikan di luhur tangtuna miboga sasaruuan sarta bédédaan jeung ieu panalungtikan. Sasaruuanana nyaéta medar ngeunaan kasalahan makéna basa dina widang grafologis atawa éjahan, bédana nyaéta dina objek nu ditalungtikna. Lian ti éta, basa nu dipaké dina panalungtikan saméméhna mah aya nu maké basa Indonesia jeung aya ogé nu objek panalungtikanana tulisan basa Jepang jeung basa Inggris. Ari dina ieu panalungtikan maké basa Sunda sarta objek panalungtikanana ogé tulisan nu maké basa Sunda. Dina ieu panalungtikan, sumber data nu ditalungtik mangrupa karangan siswa nu wanguunna téks laporan kagiatan karangan. Ku kituna, ieu panalungtikan anu judulna “Kasalahan Grafologis dina Téks Laporan Kagiatan Siswa di SMA Negeri 15 Bandung Taun Ajar 2023/2024” téh perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

Saméméh nangtukeun rumusan masalah, tangtu perlu idéntifikasi masalah pikeun nangtukeun dadasar ngeunaan naon waé nu bakal jadi bahan panalungtikan.

- 1) Ayana kasalahan makéna basa Sunda dina téks laporan kagiatan siswa.
- 2) Kasalahan nuliskeun kecap maké basa Sunda dina tataran grafologis.
- 3) Kasalahan makéna basa Sunda bisa mangaruh kana ma'na tur eusi nu geus ditulis.
- 4) Kasalahan dina makéna basa aya, lantaran basa miboga tatabasana séwang-séwangan.
- 5) Faktor nu mangaruh kana kasalahan grafologis.

Dumasar idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah diébréhkeun dina kalimah pananya di handap.

- 1) Kasalahan makéna aksara naon waé anu kapanggih dina téks laporan kagiatan nu disusun ku siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024?
- 2) Kasalahan nuliskeun kecap naon waé anu kapanggih dina téks laporan kagiatan nu disusun ku siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024?
- 3) Kasalahan nuliskeun unsur serepan naon waé anu kapanggih dina téks laporan kagiatan nu disusun ku siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024?
- 4) Kasalahan makéna tanda baca naon waé anu kapanggih dina téks laporan kagiatan nu disusun ku siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024?
- 5) Faktor naon waé nu bisa mangaruh kana kasalahan grafologis dina téks laporan kagiatan siswa SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum tina panalungtikan ieu nyaéta ngaanalisis kasalahan grafologis dina téks laporan kagiatan karangan siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsiéun ngeunaan hal-hal nu dipedar di handap.

- 1) Wangun kasalahan makéna aksara nu aya dina téks laporan kagiatan siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024.
- 2) Wangun kasalahan nuliskeun kecap nu aya dina téks laporan kagiatan siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024.
- 3) Wangun kasalahan nuliskeun unsur serepan nu aya dina téks laporan kagiatan siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024.
- 4) Wangun kasalahan makéna tanda baca nu aya dina téks laporan kagiatan siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024.
- 5) Faktor nu mangaruhan kana kasalahan grafologis dina téks laporan kagiatan siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024.

### **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Ieu panalungtikan miboga mangpaat sacara tioritis nu dipedar di handap.

- 1) Nambahán élmu tur pangaweruh anyar ngeunaan ulikan grafologi.
- 2) Bisa jadi bahan bacaan pikeun pamaca sangkan nambahán pangaweruh anyar ngeunaan tata basa grafologi nu luyu jeung kaéda kabasaan.

#### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan pikeun panalungtik, guru, siswa, jeung nu maca.

- 1) Pikeun nu nalungtik, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi data pribadi ngeunaan analisis kasalahan grafologis, hususna dina téks laporan kagiatan karangan siswa.
- 2) Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa jadi salah sahiji mangpaat pikeun mikanyaho kamampuh siswa nalika nulis éjahan dumasar kana tata basa nu luyu

jeung kaé dah kabasaan. Kasalahan nu ditulis ku siswa bisa jadi bahan évaluasi sangkan éta hal teu karandapan deui nalika pangajaran basa Sunda kahareupna.

- 3) Pikeun siswa, ieu panalungtikan bisa dijadikeun *referensi* tur ngaévaluasi kamampuh diri dina nulis éjahan basa Sunda sangkan kasalahan-kasalahan grafologi nalika nulis maké basa Sunda bisa disingkahan tur siswa bisa leuwih maham ngeunaan kaé dah nulis éjahan dina basa Sunda.
- 4) Pikeun nu maca, mugia leuwih wanoh tur apal nalika nulis luyu jeung kaé dah basa Sunda.

#### **1.4.3 Mangpaat Kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun ku pamaréntah dina nyusun aturan nalika nulis makéna basa Daerah di Jawa Barat anu bener tur luyu jeung kaé dah basa Sunda.

#### **1.4.4 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial**

Hasil tina ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun ku masarakat pikeun dijadikeun acuan makéna basa Sunda tulis anu bener tur luyu jeung kaé dah basa Sunda.

### **1.5 Raraga Tulisan**

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan aya opat, nyaéta mangpaat tioritis, mangpaat praktis, mangpaat kawijakan, jeung mangpaat sosial, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan ulikan tiori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Métodeu Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil analisis kasalahan grafologis dina téks laporan kagiatan siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi tina hasil panalungtikan ngeunaan kasalahan grafologis dina téks laporan kagiatan siswa kelas X SMA Negeri 15 Bandung taun ajar 2023/2024.